

**PEMBELAJARAN MENULIS TEKS DRAMA BERBASIS KARIKATUR
DENGAN MODEL *PROJECT BASED LEARNING* (PjBL) PADA
PESERTA DIDIK FASE F DI SMA PASUNDAN 2 BANDUNG**

RINGKESAN

*Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran kurangna minat nulis karya sastra di kalangan siswa, utamana dina materi téks drama. Faktor anu nyababkeu ieu nyaéta modél jeung média diajar nu kurang kreatif jeung inovatif. Tujuan tina panalungtikan ieu nyaéta: 1) Ngadeskripsikeun kamampuh siswa saméméh ngalarapkeun pangajaran téks drama dibantu ku media karikatur ngagunakeun modél *Project Based Learning* (PjBL); 2) Ngadeskripsikeun kamampuh siswa sabada ngalarapkeun pangajaran téks drama dibantu ku media karikatur ngagunakeun modél *Project Based Learning* (PjBL); 3) Ngabandingkeun kamampuh siswa kelas eksperimen nu ngalarapkeun pangajaran téks drama dibantu ku media karikatur ngagunakeun modél *Project Based Learning* (PjBL) jeung kelas kontrol nu ngagunakeun model *Discovery Learning*. Metodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode kuasi ékspérimén kalawan ngagunakeun prates, pascates, sarta kelas kontrol. Data nu dikumpulkeun ngawengku data prates jeung pascates nyaéta siswa kelas XI MIPA 2 sarta siswa kelas XI MIPA 3 SMA Pasundan 2 Bandung. Hasil panalungtikan ieu némbongkeun yén aya paningkatan siswa nu ngalarapkeun pangajaran téks drama dibantu ku media karikatur ngagunakeun modél *Project Based Learning* (PjBL). Aya kanaékan rata-rata peunteun ti prates 51,17 jadi 89,17 ti peunteun pascates. Aya bédana nu signifikan antara hasil diajar kelas ékspérimén jeung kelas kontrol, kalayan peunteun rata-rata pascates di kelas ékspérimén 89,17, sedengkeun peunteun rata-rata pascates di kelas kontrol 79,58.*

Kecap Konci: *Karikatur, Project Based Learning, Téks Drama*